

Pou Piblikasyon Imedya: 20/12/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO PIBLIYE ETID POU KONFIME KE YO PAT FIN FÈ NETWAYAJ
PBC YO NAN RIVYÈ HUDSON LAN**

***Revizyon Sediman ak Tès DEC Eta a te fè sou Pwason yo Jwenn ke Nivo PCB ki
Rete nan Rivyè a aprè Kiraj la Inakseptab***

Eta a ap Renouvle Apèl pou EPA Etazini an pa Emèt yo Sètifika Finisman an

***Rès Kontaminasyon PCB a Kontinye Poze yon Danje pou Sante Piblik ak
Anviwònman an, Efò Asenisman GE yo pa Reyisi Satisfè Objektif Netwayaj la yo***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye yon [etid](#) Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la te fè ki montre ke General Electric (GE) pa te fini netwayaj kontaminasyon bifenil poliklore (polychlorinated biphenyls, PCB) yo t ap fè nan Rivyè Hudson lan epi yo pa anvizaje pwoteje sante piblik la ak anviwònman an.

Eta New York la ap mande Ajans pou Pwoteksyon Anviwònman Etazini an (U.S. Environmental Protection Agency, EPA) pa remèt GE Sètifika Finisman an, paske l ap mete fen a responsablite yo genyen pou yo netwaye sit kontamine a, paske nivo PCB yo - ki se bifenil poliklore yo -- ki gen nan pwason yo pi wo pase pwòp nivo akseptab EPA a tabli yo. DEC ap mande EPA pou bay GE lòd pou yo kolekte done adisyonèl pou yo detèmine si li nesèsè pou yo fè yon lòt faz asenisman sediman ankò. Anplis de sa a, EPA dwe egzije pou GE finanse yon envestigasyon konplè nan zòn sid rivyè Hudson lan, kote konsantrasyon PCB ki nan pwason yo pa janm ko retabli. Si GE refize, EPA dwe finanse travay ki nesèsè sa a.

“Sante anbouchi Rivyè Hudson lan ak vitalite kominote k ap viv bò rivaj li a yo an danje, epi EPA pa dwe kite GE abandone responsablite yo genyen pou yon travay ke yo pa fin fè”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Dènye done echantiyon yo konfime ke gen anpil evidans ki montre ke nivo PCB yo rete inakseptabman elve ni nan rivyè a ni nan pwason yo. Si EPA emèt Sètifika Finisman pou netwayaj sa a, New York pral pran mezi ki nesèsè pou rann yo responsab epi mande pou yo konplètman ranpli obligasyon yo genyen pou yo restore rivyè presye nou an.”

Sou lòd Gouvènè a, DEC te lanse yon efò pou yo teste echantiyon an ete 2017 la pou yo konplètman evalye nati ak anplè kontaminasyon yo kite dèyè apre sis ane travay kiraj yo te fè pou yo retire PCB yo, ke EPA te egzije ki dwe satisfè objektif Rapò Desizyon 2002 a (Record of Decision, ROD). Dènye etid la te gen ladan ni echantiyon sifas sediman yo, ni echantiyon pwason yo. Eta a te [soumèt kòmantè](#) tou pou yo rejte Revizyon Senkan EPA te fè a ak konklizyon yo te jwenn ke kiraj yo te fè a te aseni

Rivyè Hudson lan ase nan yon nivo pou anvizaje pwoteje sante piblik ak anviwònman an.

Komisyone Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal a, Basil Seggos, te deklare, “Yon mezi asenisman ki pa reyisi satisfè objektif li yo pa anvizaje pwoteksyon. EPA gen yon obligasyon legal ak moral pou yo fini travay yo te kòmanse a epi yo dwe bay GE lòd pou yo satisfè objektif netwayaj yo te tabli lè yo te chwazi asenisman kiraj la. Anyen an mwens pap akseptab, epi New York prè pou nou itilize tout opsyon legal pou nou asire ke EPA ak GE fini travay la epi pwoteje sante piblik, anviwònman Hudson lan, ak kominote ki depann de yon rivyè pwòp ak sanitè. Nan okenn ka EPA pa dwe remèt GE yon Sètifika FInisman an.”

Manm Kongrè Eliot Engel te deklare, “EPA anba Administrasyon Trump lan rete yon katastwòf, epi lefèt ke yo pa reyisi kontwòle netwayaj PCB nan Hudson lan nan yon fason apwopriye se jis dènye egzanp ki montre enkonpetans ajans lan. Nou bezwen asire ke yo fin fè asenisman Rivyè Hudson lan ke tribinal la te òdone a nan fason apwopriye, pou kominote k ap viv sou rivaj la yo tankou nan Yonkers ak Hastings, ka benefisye de rezilta yo. Mwen felisite Gouvènè Cuomo paske l ap aji kòm yon vrè pwotektè anviwònman nou an epi mwen pral kontinye travay avèk li pou nou asire yo fè yon asenisman konplè.”

Manm Kongrè Nita M. Lowey te deklare, “Konklizyon DEC a yo se plis prèv ki montre ke efò netwayaj EPA ap fè yo pa reyisi rezoud kontaminasyon PCB ki gen nan Rivyè Hudson lan. Kontaminasyon sa a kontinye poze yon danje pou kominote ki avwazinan Rivyè Hudson lan yo. Mwen te mande EPA pou yo konsidere demand sa a ak tout done ki disponib yo pandan y ap konplete dezyèm Revizyon Senkan yo ap fè sou kontaminasyon PCB a. Mwen pral kontinye lite pou m asire sante alontèm Rivyè Hudson lan ak sekirite kominote nou yo k ap viv nan rejyon Hudson Valley a.”

Manm Kongrè Sean Patrick Maloney te deklare, “GE pako fin netwaye dega yo te fè a epi EPA pa gen okenn rezon pou yo kite yo abandone responsablite yo. Mwen vle remèsye DEC ak Gouvènè Cuomo paske yo te alatèt efò sa a epi yo te mete ansanm ak lidè Kongrasyonèl New York la yo ki te mande pou EPA kenbe sètifika finisman an jiskaske nou gen yon vrè netwayaj. Nou pap akseptè anyen mwens ke asenisman jiskake sibstans yo nan yon nivo sekirite.”

San lidèchip gouvènman federal la, DEC te mennen yon analiz global pou kolekte anpil santèn nouvo echantiyon sediman, ki konfime ke gen nivo PCB elve ki rete nan sifas sediman nan Rivyè Hudson lan. DEC te pran echantiyon nan prèske 1,700 lokalite—nan plizyè kote, konsantrasyon mwayèn PCB yo te depase 1 pati pa milyon nivo netwayaj DEC tipikman itilize pou pwojè netwayaj sediman yo. An jeneral, nivo konsantrasyon PCB yo an mwayèn varye anpil ant diferan pati rivyè a, sa ki endike ke toujou genyen kèk kote nan zòn nò rivyè Hudson lan kote toujou gen sediman PCB kontamine ki rete.

DEC te kolekte tou prèske 230 echantiyon pwason epi yo te evalye done sou pwason EPA ak GE te jenere yo tou pandan ak apre pwojè kiraj la, yo te konkli ke konsantrasyon PCB nan pwason yo pa te retabli nan vitès EPA te prevwa a. Konsantrasyon PCB nan pwason yo an mwayèn, nan zòn nò rivyè Hudson lan nan

dezan apre kiraj la esansyèlman menm nivo ak konsantrasyon avan yo te kòmanse netwayaj la. Konsantrasyon yo te dokimante nan echantyon pwason yo kontinye pran apre kiraj la, ki se 1.2 pati pa milyon, twa fwa plis pase konsantrasyon sible EPA te prevwa atenn senkan apre kiraj la oswa an 2020. Anplis de sa a, DEC te jwenn ke konsantrasyon PCB nan pwason nan zòn sid rivyè Hudson lan pa te retabli kòm konsekans travay yo te fè nan zòn nò rivyè Hudson lan. Konsantrasyon PCB nan anouchi a, patikilyèman nan zòn sid Vil Albany an, te rete prèske konstan pandan dènye ane ki sot pase yo epi yo pa montre okenn vitès amelyorasyon.

Pou yo detèmine ki kantite sediman adisyonèl ki rete pou yo netwaye pou yo ka atenn objektif netwayaj ki nan ROD la, EPA dwe bay GE lòd pou yo kolekte plis done pou yo ka konprann fason pou yo reyisi satisfè objektif yo tabli nan ROD la yo. EPA dwe rafine tou fason yo konprann relasyon ki genyen ant rès PCB ki rete nan zòn nò rivyè Hudson lan ak konsantrasyon PCB nan pwason ki nan zòn nò rivyè Hudson lan yo pou yo detèmine ki kote ak ki kantite sediman yo rete pou yo egzije GE netwaye.

Anplis de sa a, DEC ap mande EPA pou yo egzije GE finanse yon investigasyon konplè sou zòn sid rivyè Hudson lan oswa EPA a dwe finanse travay la. EPA admèt ke travay kiraj y ap fè nan zòn nò rivyè Hudson lan pap gen okenn enpak benefik nan zòn sid rivyè Hudson lan. Nan Revizyon Senkan li an, EPA te deklare ke risk PCB ki nan zòn sid rivyè Hudson lan yo reprezante pou moun ak pou anviwònman yo rete inakseptab epi EPA pa prevwa y ap amelyore akoz travay k ap fèt nan zòn nò rivyè Hudson lan.

DEC ansanm ak òganizasyon anviwònmantal yo te rejte konklizyon Rapò Revizyon Senkan EPA a te fè sou asenisman netwayaj Rivyè Hudson lan a plizyè repriz. Daprè Lwa sou Repons Anviwònmantal Global, Dedomajman, ak Responsablite a (Comprehensive Environmental Response, Compensation, and Liability Act) ak Plan Sekou Nasyonal la (National Contingency Plan), EPA gen obligasyon pou yo siveye efikasite asenisman an pou yo afime ke li satisfè objektif ROD la te tabli a yo.

EPA dwe pran mezi asenisman adisyonèl si asenisman an pa reyisi satisfè objektif ROD la egzije a yo.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)